

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEOGRAFI

Madi, 23 janvye, 2007 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la_____

Non Lekòl la_____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan ti liv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfomasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj ti liv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonse pou w ekri repons yo.

Pati I a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Pati III** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan ti liv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Pati III a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Pati I a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon aparèy komunikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a

*Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a, *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon yo.*

- 1 Ki aspè nan syans sosyal yon jeyograf t ap plis sanble etidye nan pwofondè ?
 - (1) kòman kwayans yo enfliyanse konpòtman yon gwoup moun
 - (2) kòman evenman ekonomik yo enfliyanse listwa
 - (3) kòman zòn enfliyanse jan moun viv
 - (4) kòman moun yo enfliyanse desizyon gouvènman an


- 2 Yon resanblans ant ansyen sivilizasyon yo nan Ejjip ak Lachin sèke yo te devlope
 - (1) mòd vi nomad yo
 - (2) sistèm kwasyans monoteisy yo
 - (3) gouvènman demokratik yo
 - (4) fòm komunikasyon ekri yo

- 3 Ki empak jeyografi ansyen Grèk la te genyen sou premye devlopman li?
 - (1) Tè montay yo te ede kreye vil-eta endependan yo.
 - (2) Mank pò natirèl te limite komunikasyon.
 - (3) Yon zòn sou anndan te bloke komès ak kolonizasyon.
 - (4) Anpil resous natirèl te ankouraje yo pou okipe tèt yo ekonomikman.

- 4 Yon kontribisyon ansyen kilti Women an sete devlopman
 - (1) konsèp zewo a
 - (2) pwosesis fè swa a
 - (3) yon fòm gouvènman repiblikan
 - (4) machin pou enprime

- 5 Kisa yo konsidere kòm pi gran kontribisyon Anpi Bizantin nan bay soyete lwès Lewòp la?
 - (1) pwopaje Endouys nan rejon an
 - (2) sipòte Legliz Katolik
 - (3) bat Mongòl yo nan Kyèv
 - (4) prezève kilti Grèk ak Women yo

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 la.




Sous: *Guide to the Essentials of World History*, Prentice Hall, 1999
(adapte)

- 6 Ki kalite lòd politik ak sosyal yo montre nan dyagram sa a?

(1) teyokratik	(3) fachis
(2) tribal	(4) feodal

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 la.



7 Ki deklarasyon enfòmasyon nan kat sa a kapab plis sipòte?

- (1) Nan 260 B.C., Anpi Mauryan an te etann li nan nò Sant Lachin.
 - (2) Anpi Mauryan an te kontwole plis soukontinan Endyen an pase Anpi Gupta a te fè l.
 - (3) Majorite Anpi Gupta a te sitiye nan Plato Deccan.
 - (4) Ekonomi premye anpi Lend yo te baze sou komès.
-

8 Ki sikonstans ki pi byen dekri yon konsekans Kwazad yo ki dire lontan?

- (1) kontwòl Mizilman yo sou Jerizalèm te fini.
- (2) Feyodalis te kòmanse nan Iwès Lewòp .
- (3) Echanj kiltirèl ant Mwayennoryan ak Lewòp te vin fèt plis.
- (4) Kretyen yo ak Mizilman yo te fè yon lapè ki dire.

9 Ki deklarasyon sou jeografi Japon ki pi kòrèk?

- (1) Zòn nan fè envazyon pi fasil.
- (2) Bò lanmè ki pa regilye yo gen anpil pò natirèl.
- (3) Plèn laj yo se premye karakteristik fizik li.
- (4) Tramblemannè yo pa menase zile yo.

Sèvi ak tèks ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 la.

. . . Li menm ki , ak talan fèb yo [kapasite], devlope sajès an premye lye ki pa nan bon sans refèt ankò sèt fwa pou pi plis; apre li pran nesans ankò sèt fwa nan yon bonè l ap mete fen nan mizè: li menm ki devlope li ak kapasite ak sans mwayen se yon eran, apre li refèt de oubyen 3 fwa ankò l ap mete fen nan mizè: li menm ki devlope li ak bon kapasite ak sans pran rasin men yon fwa, yon moun ap bezwen fèt yon sèl fwa pou l mete fen nan mizè. . . .

— Charles W. Eliot, ed., *Sacred Writings*, Vol II. P.F. Collier & Son, 1910

10 Ki sistèm kwayans ki dekri nan tèks sa a?

- | | |
|---------------|----------------|
| (1) Boudis | (3) Islam |
| (2) Kretyènte | (4) Konfisyans |

11 Ki deskripsiyon ki pi byen reprezante vil Timbuktu a?

- | | |
|--|--|
| (1) pò nan wout dlo pou ale nan lès Lazi | (2) pi gran sant vil ak sant enditriyèl sou Wout Swa a |
| (3) sant komèsyal ak kiltirèl Afrik Lwès | (4) vil anndan Lig Hanseatic la |

12 Kilès nan konsekans anba yo ki te dire lè Marco Polo te visite Lachin?

- | | |
|---|--|
| (1) Chinwa yo kòmanse konstriksyon Gran Miray la. | (2) Prensip dwa diven an te rantre Lachin. |
| (3) Kretyènte gaye byen vit nan Anpi Yuan nan. | (4) Ewopeyen yo ogmante echanj ak Lachin. |

13 Ki deklarasyon ki pi byen defini yon lide anpil filosòf imanis epòk Renesans la te genyen ?

- | | |
|---|---|
| (1) Moun dwe etidye sijè mondal ak matyè ki sakre yo . | (2) Gouvènman yo dwe tabli anpi lòt kote. |
| (3) Moun yo dwe rale kò yo nan lemonn epi etidye relijon. | (4) Savan yo dwe konsakre tan yo pou etidye lavi apre lamò. |

14 Ki dokiman ki te redwi pouvwa monachi Angle a pandan Mwayennaj yo?

- | | |
|------------------|-------------------|
| (1) Gran Chat la | (3) Kòd Jistinyen |
| (2) Douz Lwa yo | (4) Rig Veda |

15 • Martin Luther ensiste sou wòl santral lafwa.
• Kwayans predestinasyon an gaye nan Laswis.
• Konsèy Trent la klarifye ansèyman Legliz Katolik Women an.

Deklarasyon sa yo dekri lide ak evenman ki

- | | |
|--|--------------|
| (1) te mennen inite relijon nan Lewòp | (3) Langletè |
| (2) te pote Refòm nan ak lide kont Refòm nan | (4) Laolann |
| (3) te mete fen nan Revolisyon Kè Kontan an | |
| (4) te gaye enpòtans Legliz Otodòks la | |

16 Ki nasyon ki te gen plis enfliyans sou kolonizasyon Ameriklatin nan nan lane 1500 yo?

- | | |
|-------------|--------------|
| (1) Lespay | (3) Langletè |
| (2) Lafrans | (4) Laolann |

17 Ki yon objektif mèkantilis te genyen?

- | | |
|---------------------------------|------------------------------------|
| (1) retire baryè pou komès | (2) elimine pwopriyete prive |
| (3) etabli agrikilti sibsistans | (4) kreye yon balans an favè komès |

18 Dapre John Locke, wòl chèf gouvènman an sete

- | | |
|-------------------------------|----------------------------|
| (1) pwoteje dwa natirèl yo | (2) fè lagè pou teritwa yo |
| (3) asire byennèt sitwayen yo | (4) redistribiби te |

19 Nan Langletè, ki sikonsans ki te yon rezulta lòt twa yo?

- | | |
|---------------------------|---|
| (1) disponiblite travay | (2) abondans wouy ak fè |
| (3) enèji nan anpil rivyè | (4) kòmansman Revolisyon Endistriyèl la |

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 an.



Kòlòs Rhodes yo

Sous: *Punch*, 1892 (adapte)

20 Jan desen sa a montre ki eslogan ki pi byen ale ak fason Cecil Rhodes panse?

- (1) "Enperialis se yon Batay ki Gloriye."
- (2) "Adopte Divèsite Afriken"
- (3) "Ini tout Afriken."
- (4) "Konekte Konstantinòp ak Lekè"

21 Ki rezon prensipal ki te fè yon gran kantite moun kite Ilann nan lane 1840 ak 1850 yo?

- (1) Moun yo te rankontre ak gro grangou.
- (2) Yon revolisyon politik te kòmanse.
- (3) Yon epidemi varyòl te deklare nan peyi a.
- (4) Moun yo t ap chèche pi bon opòtinite edikasyon yo.

22 Pandan 19vyèm syèk la, nasyon Ewopeyen yo te etabli zòn enflyians yo nan Lachin an premye pou

- (1) jwenn avantaj nan komès ivwa a
- (2) fè pèp Chinwa a konnen Islam
- (3) benefisyé avantaj kòmèsyal nan Lachin
- (4) jwenn respè dwa moun pou sitwayen Chinwa yo

23 Porfirio Díaz, Francisco "Pancho" Villa, ak Emiliano Zapata yo tout te asosye ak revolisyon an

- | | |
|-------------|---------------|
| (1) Ayiti | (3) Bolivi |
| (2) Meksiko | (4) Nikaragwa |

24 Yon konsekans endistriyalizasyon an sou Meiji Japon sete

- (1) li te ranfòse pouwva Shogunate la
- (2) li te diminye nivo polisyon an
- (3) li te modènize transpòtasyon an
- (4) li te ogmante kantite ti fèm yo

25 Kisa ki te prensipal kòz Premye Gè Mondyal la?

- (1) rebelyon nan tè koloni yo nan Lafrik ak Lazi
- (2) ekspansyon kominis nan lwès Lewòp
- (3) militaris nan nasyon Lewòp yo
- (4) mank kapasite Lig Nasyon yo pou kenbe lapè

26 Ki yon rezon ki te fè diktatè totalité yo te pran pouwva nan Lewòp ant Premye Gè ak Dezyèm Gè Mondyal yo?

- (1) Grangou ak SIDA te gaye nan Lewòp.
- (2) Komès te entèdi ant lwès ak lès Lewòp.
- (3) Gouvènman yo pat satisfè bezwen moun yo.
- (4) Monarchi yo te retabli nan anpil nasyon.

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.



Sous: Goldberg ak DuPré, *Brief Review in Global History and Geography*, Prentice Hall, 2002
(adapte)

27 Peyi ki gen koulè gri fonse nan kat la kapab pi byen dekri tankou

- (1) Manm Trip Alyans yo anvan Premye Gè Mondyal la
 - (2) Peyi Lewòp yo ki te fòme touswit apre Premye Gè Mondyal la
 - (3) Aks pouwva yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la
 - (4) Manm Mache Komen yo apre Dezyèm Gè Mondyal la
-

28 Politik apèzman an te ede lakòz Dezyèm Gè mondyal la akòz politik sa a

- (1) te redwi zam majorite pouwva Ewopeyen yo
- (2) te bay Nasyonzini twòp pouwva
- (3) te ogmante komès lanmè ant Angletè ak Etazini
- (4) te pèmèt yo pa kontwole aksyon agresif Almay

29 Yon rezon konstriksyon Mi Bèlen an nan lane 1961 sete pou

- (1) fè pwomosyon reyinifikasiyon Almay Lès ak Almay Lwès
- (2) kenbe Alman nan Lès yo pou yo pa ale nan sektè Lwès Bèlen an
- (3) fini rekonstriksyon Bèlen apre Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) reponn demann Organizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 ak 31 yo.

Nivo Pwodiksyon yo nan Inyon Sovyetik (1932-1937)

Endistri	1932	1937
Elektrisite (bilyon kw)	13.5	36.2
Wouy(milyon tòn)	64.4	128.0
Petwòl brit (Milyon tòn)	21.4	28.5
Asye brit Plwaye (milyon tòn)	4.4	13.0

Source: R.W. Davies, ed., et al., *The Economic Transformation of the Soviet Union, 1913-1945*, Cambridge University Press, 1994 (adapted)

30 Ki pwensip yo montre nan tablo a ?

- | | |
|-----------------------|--------------------|
| (1) pogwòm | (3) Risifikasyon |
| (2) plan senk lane yo | (4) zam nikleyè yo |

31 Enfòmasyon nan tablo sa a montre

- | |
|--|
| (1) avantaj komès etranje yo |
| (2) devlopman gwo endistri reysi |
| (3) disponiblite machandiz |
| (4) konsekans enflasyon sou ekonomi an |


32 Nan Lachin, Kat Modènizasyon Deng Xiaoping yo te lakòz

- | |
|---|
| (1) endistriyalizasyon an redwi |
| (2) biznis etranje yo bese interè sou envestisman |
| (3) yon ogmantasyon enpòtans agrikilti kolektif |
| (4) yon ogmantasyon pratik mache lib yo |

33 Konfli sou fwontyè ant Lend ak Pakistan te fèt pi souvan nan

- | | |
|---------------|-----------------|
| (1) Kachmi | (3) Tibet |
| (2) Lès Timor | (4) Afghanistan |

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 la.



Sous: *American History: Historical Outline Map Book With Lesson Ideas*, Prentice Hall, 1998 (adapte)

34 Ki lèt ki idantifye nasyon yo plis asosye ak Mohandas Gandhi?

- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |


35 Yon rezon Mikhail Gorbachev te mete sou pye politik glasnòs ak perestwoyika nan Linyon Sovyetik sete pou

- | |
|---|
| (1) elimine libète pawòl ak Laprès |
| (2) detwi pouvwa pati opozisyon an |
| (3) domine gouvènman Lès Lewòp yo |
| (4) ankouraje diskisyon politik ak refòm ekonomik |

36 Nan lane 2003, Etazini ak Grann Bretay te anvayi Iraq. Nan epòk sa a, ki de rezon alye sa yo te bay pou envazyon sa a?

- (1) Iraq te fè menas Lagè ak Arabi Sawoudit.
Iraq pat gen elekson lib pandan yon kantite lane.
- (2) Iraq te gen lwil Etazini ak Grann Bretay te bezwen.
Iraq te fè menas pou koupe apwovizyonman lwil de peyi yo.
- (3) Iraq te gen zam detriksyon an mas ki te menase nasyon yo nan lemonn
Iraq te sipòte teyoris nan lemonn.
- (4) Lidè Iraq la te responsab lanmò santèn milye Ameriken.
Lame Iraq la te kenbe Ameriken kòm otaj pou prèske yon lane.

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.



Sous: U.S. Bureau of the Census, *International Data Base* (adapté)

37 Nan lane 2050, ki pwoblèm gouvènman Chinwa a ap gen pou rezoud ki se konsekans chanjman ki fèt nan konpozisyon popilasyon?

- (1) depans nan defans militè
- (2) pwodiksyon byen konsomasyon
- (3) bezwen yon popilasyon granmoun
- (4) edikasyon jèn moun yo

- 38 **“Nou te Gate sa a’: Nike Rekonèt Erè yo li te fè nan Travay Timoun**
“Anvwaye Nasyonzini Lanse Apèl pou Goumen kont Povrete Global”
“Dizan Alfabetizasyon Entènasyonal Sible Fanm”
- Ki pwoblèm tit sa yo nan 21nyèm syèk la montre?
- (1) pwoblèm nivo wo edikasyon yo
 - (2) pwoblèm sosyal ak ekonomik yo
 - (3) alfabetizasyon kiltirèl
 - (4) responsabilite endividye
- 39 Ki pwoblèm majorite nasyon sou devlope yo rankontre jodi a?
- (1) Twòp kalite rekòlt ap grandi.
 - (2) Yon siplis envestisman kapital disponib
 - (3) Twòp analfabetizasyon limite devlopman ekonomik.
 - (4) Yon rejim anpil kalori ki lakòz moun twò gwo.
- 40 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati ki anba a?
- I. _____
- A. Twòp manje
 - B. Devlopman vil yo
 - C. Espesyalizasyon Travay
 - D. Devlopman nouvo teknoloji
- (1) Rezulta dekadans Wòm
- (2) Konsekans Revolisyón Neyolitik la
- (3) Kòz Revolisyón Piritèn nan
- (4) Kòz Migrasyon Bantu a
- 41 Ansyen kilti Enka ak Chinwa yo te adapte ak jeografi fizik rejyon yo lè yo
- (1) devlope espas pou agrikilti sou mòn yo
 - (2) konstwi charyo pou pwoteje plèn louvri yo kont anvayisè yo
 - (3) vin tounen komèsan maritim
 - (4) konstwi pò pou ankouraje eksplorasyon
- 42 Ki faktè ki pi byen defini at nan ansyen Grès ak Renesans la?
- (1) enpòtans fòm kò moun
 - (2) konsantrasyon sou tèm biblik yo
 - (3) dominans penti peyizaj yo
 - (4) enfliyans tradisyon Afriken nan Lwès yo
- 43 Ki faktè jeyografik ki te jwe pi gran wòl nan anpeche Lawisi sibi okipasyon Napoleon ak Adolf Hitler?
- | | |
|--------------|---------------|
| (1) dezè yo | (3) klima |
| (2) rivyè yo | (4) montay yo |
- 44 Inifikasyon Almay (1870–71) ak separasyon Yougoslavie apre lane 1991 toude ilistre enfliyans
- | | |
|------------------------|-------------------|
| (1) enperialis | (3) dominans lwès |
| (2) endistriyalizasyon | (4) nasyonalis |
- 45 Ki konsekans dirèk Lagè Opyòm nan te genyen nan Lachin 19vyèm syèk la?
- (1) Japon te gen kontwòl Hong Kong.
 - (2) Kublai Khan te pran pouvwa nan Lachin.
 - (3) Pò Chinwa yo te louvri pou komès ak pouvwa Ewopeyen yo.
 - (4) Jiang Jieshi (Chiang Kai-shek) te kouri al Taiwan.
- 46 Yon fason Peter Le Gran ak Atatürk (Mustafa Kemal) te sanble sete yo te chèche
- | | |
|---------------------------|--------------------------------------|
| (1) genyen yon pò dlo cho | (3) limite wòl fanm nan soyete a |
| (2) adopte refòm lwès yo | (4) retounen nan valè tradisyonèl yo |
- 47 Ki relasyon kòz ak konsekans ki vre?
- (1) Revolisyón Lawisi a te lakòz yon monachi absoli.
 - (2) Panse Syèk Limyè yo te lakòz manoryalis.
 - (3) Lapès te lakòz mank travayè.
 - (4) Revolisyón Komèsyal la te lakòz kreyasyon ekonomi tradisyonèl yo.

- 48 Yon prensipal rezon yo te itilize pou sipòte konstriksyon Kanal Suez ak Kanal Panama sete chemen dlo sa yo t ap
- (1) fè wout komès pi kout
(2) ranfòse kòmand ekonomi yo
(3) ogmante konpetisyón pou komès
(4) pwomote ekonomi lokal
- 49 Ki pè lidè ki te itilize netwayaj politik, ladan yo touye gwoup opozisyon yo, kòm yon mwayen pou kenbe kontwòl gouvènman an?
- (1) Sun Yixian (Sun Yat-sen) ak Anperè Hirohito
(2) Joseph Stalin ak Mao Zedong
(3) Simón Bolívar ak Bernardo O'Higgins
(4) F.W. de Klerk ak Indira Gandhi
- 50 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati ki anba a?
- I. _____
- A. Systèm mache
B. Ankourajman pwofit
C. Antreprenè yo
- (1) Fòm Gouvènman yo
(2) Karakteristik Kapitalis yo
(3) Estrikti Systèm Asosiyasyon an
(4) Pati nan Kilti a

Repons kesyon disètasyon an dwe ekri nan yon ti liv disètasyon apa a.

Nan developman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak prèv; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON DISÈTASYON TEMATIK

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale de sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Vyolasyon Dwa Moun yo

Anpil fwa nan plizyè nasyon ak rejyon dwa moun nan plizyè gwoup te vyole. Efò gouvenman yo, gwoup yo ak endivid yo pou rezoud vyolasyon dwa moun sa yo bay diferan kalite rezulta.

Sa pou fè:

Chwazi **de** gwoup ki fè eksperians vyolasyon dwa moun nan yon peyi oubyen rejyon espesifik epi pou **chak**

- Dekri **yon** sikonsans istorik ki lakòz vyolasyon dwa moun nan peyi a oubyen rejyon an
- Bay **yon** egzanp vyolasyon dwa moun nan peyi sa a oubyen rejyon sa a
- Diskite jous ki kote yon gouvenman, yon gwoup, oubyen yon endivid te rive pou eseye rezoud vyolasyon dwa moun sa a

Ou ka itilize nenpòt gwoup dwa yo te vyole nan etid ou fè nan istwa jeneral. Kèk sijesyon ou ta vle konsidere konsènen Kretyen yo anba Anpi Wòm nan, pèp endijèn yo nan Ameriklatin nan, Amenyen yo anba Anpi Ottoman an, Ikrenyen yo apre Revolisyon Lawisi a, Jwif yo nan Lewòp , Kanbodyen yo anba Pol Pot, nwa yo anba apated nan Afrikdisid, ak Kid yo nan Mwayennoryan.

Ou pa bezwen rete sou lide sa yo sèlman.

Pa sèvi ak okenn vyolasyon dwa moun ki fèt Ozetazini nan repons ou.

Gid:

Nan disètasyon ou ou, asire w

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan developman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak prèv; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analyze dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Revolisyon Fransèz (1789-1814) la, ki gen rèy Napoleon an ladan li, konsidere kòm yon gwo moman desizif nan istwa lemonn. Revolisyon sa a lakòz gwo chanjman nan Lafrans ak lòt peyi ak rejyon yo nan lemonn.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Pati B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

- Diskite kòz politik, ekonomik, **ak/oubyen** sosyal Revolisyon Fransèz la
- Diskite kòman Revolisyon Fransèz la te afekte moun yo nan Lafrans
- Diskite yon konsekans Revolisyon Fransèz la te genyen sou lemonn andeyò Lafrans

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

... **Pouvwa Wa a genyen.** —Wa, Louis XVI, te gen pouvwa total. Li te dirije ak *teyori dwa diven* sa ki te lakòz li te resevwa pouvwa pou gouvènen nan men Bondye kidonk li te responsab devan Bondye sèl. Li te nonmen tout ofisyèl sivil yo ak ofisyèl militè yo. Li te fè epi te ranfòse lwa yo. Li te kapab deklare lagè epi fè lapè. Li te mete enpo yo epi te depanse lajan moun yo jan li te vle. Li te kontwole libète panse ak yon entèdiksyon lapawòl ak laprès. Ak mwayen *lèt tou kachte* (lèt tou kachte ki te an reyalite manda san ekri pou arrestasyon) li te kapab mete nan prizon nenpòt moun san jije pou yon peryòd ki pa defini. Li te viv nan bél palè li nan Vèsay, san konsyans nèt ale devan mekontantman pèp la ki t ap vin pi plis. . . .


Sous: Friedman & Foner, *A Genetic Approach to Modern European History*,
College Entrance Book Co., 1938

- 1 Dapre dokiman sa a Friedman ak Foner ekri, kisa ki **yon** kòz Revolisyon Fransèz la? [1]
-
-

Score

Dokiman 2

Twa Klas yo nan Lafrans anvan Revolisyon an



Sous: Jackson J. Spielvogel, *World History*, Glencoe/McGraw-Hill, 2003 (adapte)

- 2 Dapre enfòmasyon nan graf sa yo, bay **yon** kòz Revolisyon Fransèz la. [1]
-
-

Score

Dokiman 3

12 Jiyè, 1789

. . . Le 12. Pandan mwen t ap monte yon mòn long, pou mwen bay cheval mwen yon souf, yon fi pòv vin jwen mwen, ki t ap plenyen de tan an, epi di sete yon peyi ki tris; lè mwen mande li pouki rezon, li di mari li gen yon ti mòso tè, yon bëf, ak yon pòv ti cheval, men yo te gen yon *francha* (42 lb.) ble, ak twa poul, pou peye, kòm echanj lwaye kay bay yon Seyè[nòb]; ak kat *francha* avwan, yon poul ak yon sou [ti inite kòb] pou peye yon lòt, apre gwo tay lou [enpo sou tè ak pwodwi yo] ak lòt enpo. Li te gen sèt timoun, epi lèt bëf la te ede fè soup la. Men poukisa, olye yon cheval, ou pa kenbe yon lòt bëf? O, mari li pa kapab pote pwodwi li yo byen san cheval la; epi andeyò bourik pa gen anpil empòtans. Yo te di, kounye a, *kèk moun ki gen mwayen dwe fè yon bagay pou sa ki pòv yo, men li pat konnen kiyès ni kòman*, men Bondye voye nou pi bon, *car les tailles & les droits nous ecrasent* [paske enpo yo ak lwa yo ap kraze nou]. —fi sa a, si w pa twò lwen, ou ka ba li swasant oubyen swasantdis lane, figi li tèlman ride [plise] epi di akòz travay, -men li di li gen sèlman ventwuit tan. Yon gason Anglè ki pa vwayaje, paka imajine imaj yon gran majorite fanm andeyò nan pi gran pati Lafrans bay; ou wè, lè ou gade pou premye fwa, se travay di ak sevè: mwen rive panse , yo travay pi di pase gason yo, epi sa, ajoute sou travay pi mizerab pou mete yon novo ras esklav sou latè, detwui nèt tout fòm yon moun [pwopòsyon balanse] ak aparans feminin li. Kisa ki responsab diferans sa a nan konpòtman pèp la nan de wayòm yo? Gouvènman an. . .

Sous: Miss Betham-Edwards, ed., *Arthur Young's Travels in France During the Years 1787, 1788, 1789*, G. Bell and Sons (adapted)

- 3 Dapre dokiman vwayaj Arthur Young la, bay **yon** rezon ki montre peyizan Franse yo pat kontan ak lavi yo pandan peryòd istwa Franse sa a. [1]

Score

Dokiman 4

Revolisyon Fransèz

Dat	Gouvènman k ap dirije	Chanjman yo
1789-1791	Asanble Nasional	<ul style="list-style-type: none"> Etablisman Monachi Konstitisyonèl Abolisyon Feyodalisis Adopsyon <i>Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen</i>
1791-1792	Asanble Lejislatif	<ul style="list-style-type: none"> Monachi konstitisyonèl la febli foul la fòse wa a kouri pran refij nan Asanble Lejislatif la Deklarasyon lagè kont Otrich ak Lapris
1792-1795	Premye Republik la ak Konvansyon an	<ul style="list-style-type: none"> Lafrans vin yon Republik (Sept.1792) Komite Sekirite Pibilk la ap dirije Lafrans Radikal yo (Jakoben yo) genyen modere yo (Jiwonden yo) Itilisasyon terè pou egzekite "enmi rejim yo" Egzekisyon Robespierre
1795-1799	Direktwa a	<ul style="list-style-type: none"> Senk Direktè ap dirije tankou chèf Fòs Radikal ak konsèvatif yo eseye bay koudeta Napoleon te jete gouvènman an ak yon koudeta (Novanm 1799)

4 Dapre tablo a, bay **de** chanjman politik ki te fèt pandan Revolisyon Fransèz la. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5

Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen

Atik 1 – Moun fèt epi rete lib ak egal nan dwa yo. Distensyon sosyal yo dwe baze sèlman sou konsiderasyon byen komen. . . .

Atik 4 – Libète vle di kapab fè nenpòt bagay ki p ap fè lòt moun mal; kidonk, egzèsis dwa natirèl chak moun pa gen baryè otan sa ki pèmèt lòt manm yo nan sosyete a jwi menm dwa sa yo. Baryè sa yo se lalwa ki dwe defini yo. . . .

Atik 6 – Lalwa se ekspresyon volonte jeneral. Tout sitwayen gen dwa patisipe, pèsonèlman oubyen pa reprezantan yo, nan mete li sou pye. Li dwe menm pou tout moun, menm si li pwoteje oubyen pini. Tout sitwayen, ki egal devan li, ta dwe gen menm dwa pou nan gwo pòs yo, pozisyon piblik yo ak travay yo, dapre kapasite yo, epi san lòt distensyon pase kapasite ak talan yo. . . .

Atik 11 – Kominikasyon lib lide yo ak opinyon yo se yonn nan dwa ki pi presye moun genyen. Kidonk nenpòt sitwayen kapab pale, ekri epi pibliye ak libète, eksepte, sa ki konsidere [ekivalan] kòm abi libète sa a nan ka yo Lalwa defini. . . .

Sous: *The Declaration of the Rights of Man and the Citizen*

- 5 Dapre pasaj sa a nan *Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen an*, bay **de** fason Asanble Nasyonal la te eseye redefini relasyon ant endividyle yo ak gouvènman an. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

Helen Williams sete yon etranje ki t ap viv Paris nan lane 1793. Li te dakò ak moun yo ki te vle Lafrans fòme yon repiblik. Yo te arete li paske li te wè bagay yo diferan ak moun ki te sou pouvwa yo.

. . . Apre de mwa nan nouvo prizon nou an, yo te lage nou. Yon jèn franse, ki depi lè a marye ak sè mwen, te degaje li fè yo lage nou ak kontak ofisyèl li te kapab jwenn yo epi alafen mande Chaumette, chèf an tèt Komin Paris a , yon tiran pou lage nou. Kidonk nou te lib men yo t ap veye nou. Nou pat ka wè anpil moun epi pat sòti anpil, malgre sa sete yon fòm libète. Nou te pè sòti, anka, san nou pa rann nou kont, nou te fè kèk move aksyon [deli] ki te kapab lakòz yo arete nou ankò. Nou te pale ak moun raman, paske te gen espyon tout kote, epi nou te sote chak fwa pòt la te frape, pase nou te pè arestasyon. Prizon yo t ap ranpli chak jou, epi pi plis moun te ale anba echafo amezi Rèy Terè a t ap sere anpriz li." Sispisyon" te tounen yon manda pou al nan prizon, epi konplo ak lanmò te nan lè a.Yo te arete yon nèg pase li "te sanble" yon nòb, yon lòt pase yon bon jan etranje te jire li te sipòte monachi a. Kèk moun te arete pase yo te rich, gen lòt paske yo te entelijan. Anpil nan moun yo te arete t ap mande pouki rezon an ven. Epi kantite egzekisyon ap ogmante, laterè te ogmante, epi istwa kouraj ak lachte t ap pase de kay an kay. Malgre sa li sanble pou mwen ou te jwenn plis istwa kouraj pase lachte, sa ki te ba nou espwa pou bon tretman menm nan jou sonm sa yo.

Tou swit apre nou te sòti nan prizon, nou te deside kite sant vil la pou al rete nan yon kay ki pi lwen nan fobou [andeyò vil la] Saint Germain. Nouvo kay nou an te kèk minit mache ak andeyò a. Men malgre nou te pre, nou pat pran chans mache ale la. Pak yo ak pye bwa yo ki antoure nou yo epi kite anvan sa a pou wayote a te anvayi kounye a ak revolisyonè yo, despòt yo, espyon polis yo, menm konplotè yo nan kèk okazyon. Kidonk nou te mache nan chan tout moun itilize yo tou pre kay nou, kote moun yo mete bèt yo manje. Mwen pa gen okenn mo pou dekri kòman nou pat vle mache pou nou te retounen Paris, kote masak sa a, labatwa moun sa a. Giyotin nan t ap pran lavi ni inosan ni sa ki te sanble koupab, epi ak yon vitès kote kanivo yo sanble yon rivyè san. Epi jis lè li te sanble bagay yo pa ka ale pi mal, lè ou te panse li pa te posib pou ogmante kantite moun ki prale anba echafo a, yo te montre ou w ap bay manti, epi sitiayson an te ogmante e li te menm fèt pi vit. . . .

Sous: Jane Shuter, ed., *Helen Williams and the French Revolution*, Raintree Steck-Vaughn Publishers
(adapted)

- 6 Dapre Helen Williams, ki **yon** konsekans Rèy Terè a te gen sou moun Paris yo nan lane 1793? [1]

Score

Dokiman 7

... Rive 1799, Franse yo te gen eksperyans jwi, omwens nan teyori, libète lapawòl ak libète laprès. Yo te reòganize edikasyon majorite eta modèn yo toujou ap swiv-lib, obligatwa, inivèsèl ak san pati pri. Revolisyon an lakkòz egzistans yon près ouvè, si se pa toujou bon, peryodik. Mank opòtinite te vin kreye" metye ki disponib pou moun ki gen talan" nou te deja pale a , epi talan sa yo te jwenn ankourajman epi te pote rezulta ak pri piblik la te ofri yo, patwonaj leta, epi ak menm entansyon yo. Anplis, menm lè te genyen kèk mize ak bibliyotèk anvan 1789, revolisyonè yo te etabli plizyè lòt, te planifye pou ajoute lòt toujou, epi te fè tantativ pou entegre yo nan sistèm edikasyonè la

Sous: John Hall Stewart, ed., *A Documentary Survey of the French Revolution*, Macmillan

- 7 Dapre John Hall Stewart, ki **yon** chanjman Revolisyon Fransèz la te pote nan lane 1799? [1]
-
-

Score

Dokiman 8

... Kantite tan kalite refòm Napoleon an dire andeyò Lafrans te nan pwopòsyon dirèk ak kantite tan kontwòl Franse yo te an aplikasyon epi ak feblès gouvènman lokal yo. Nan zòn ki te anekse yo anvan 1804, yo te aplike chanjman Revolisyon yo nèt. Italy te transfòme pi an pwofondè pase nenpòt lòt pati nan Lewòp. Otan gouvènman yo te pi fò, otan yo te pi kapab chavire enstitisyon Napoleon yo apre echèk militè li a. Men sèlman raman reyakson an dezòganize prensip sivil yo ki te empòtan anpil pou Napoleon. Menm nan Naples Wa Ferdinand pat aboli Kòd Sivil la oubyen etabli ankò dwa feyodal yo lè li te retounen. Tout fòs reyaksonè Lewòp yo ansann pat fò ase pou retabli bagay yo jan yo te ye anvan Revolisyon Fransèz la te deklanche. Yo pat kapab, sitou, defèt anpil chanjman sosyal ki te mete an mouvman . . .

Sous: Robert B. Holtman, *The Napoleonic Revolution*, J.B. Lippincott Company, 1967

- 8 Dapre Robert B. Holtman, ki **yon** konsekans Revolisyon Fransèz la ak refòm Napoleon an te genyen sou peyi oubyen rejyon andeyò Lafrans yo? [1]

Score

Dokiman 9

Eritaj San Limit Revolisyon an

... Sepandan, majorite Ewopeyen yo ak sa ki pa Ewopeyen yo te vin wè Revolisyon an pou plis lòt bagay pase yon trajedi san. Moun sa yo te plis enpresyone ak sa Revolisyon an te akonpli pase sa li pat reyalize. Yo te sonje abolisyon sèvitid, esklavaj, privilèj eritye, ak tòti jidisyè Revolisyon an; Eksperyans li ak demokrasi; ak ouvèti pou opòtinite li te bay moun yo ki, poutèt estati sosyal oubyen reliyon , te rete sou kote tradisyonèlman.

Yon nan kontribisyon pi enpòtan Revolisyon Fransèz la se pou te fè Revolisyon tounen yon pati nan tradisyon politik nan lemonn. Revolisyon Fransèz la te kontinye bay direksyon pou revolisyònè yo nan 19vyèm ak 20tyèm syèk yo, amezi moun ozalantou lemonn t ap chèche defini diferan vèsyon yo genyen de libète. Karl Marx te sanble, omwens nan kòmansman an, kopye nosyon revolisyòn pwoletè li a sou Revolisyon Fransèz lane 1789 la. Epi 200 zan pi ta etidyan Chinwa yo ki, kèk semèn anvan sa a te goumen ak gouvènman yo a sou plas Tianamen, te konfime jan Revolisyon Fransèz la te gen sans li kounye a lè yo te òganize bisantnè parad revolisyònè a nan Paris an 14 Jiyè lane 1989. . . .

Sous: Thomas E. Kaiser, University of Arkansas

9a Dapre Thomas E. Kaiser, bay **yon** chanjman ki fèt nan Lafrans akòz Revolisyon Fransèz la? [1]

Score

b Dapre Thomas E. Kaiser, ki **de** konsekans Revolisyon Fransèz la te genyen andeyò Lafrans? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B

Disètasyon

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti nan *pi piti senk* dokiman pou sipòte repons ou an.

Konteks Istorik:

Revolisyón Fransèz (1789–1814) la, ki gen rèy Napoleon an ladan l, konsidere kòm yon gwo moman desizif nan istwa lemonn. Revolisyón sa a lakòz gwo chanjman nan Lafrans ak lòt peyi yo ak lòt rejyon yo nan lemonn.

Sa w gen pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral, pou ekri yon disètasyon kote w ap

- Diskite kòz politik, ekonomik, **ak/oubyen** sosyal Revolisyón Fransèz la
- Diskite kòman Revolisyón Fransèz la te afekte moun yo nan Lafrans
- Diskite **yon** konsekans Revolisyón Fransèz la te genyen sou lemonn andeyò Lafrans

Gid:

Nan disètasyon ou a, sonje pou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan senk* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan.

ISTWA JENERAL AK JEOGRAFI

Madi, 23 janvye, 2007 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Gason

G/F: Fi

Non Elèv la	1.....	26
Non Pwofesè a	2.....	27
Non Lekòl la	3.....	28
	4.....	29
	5.....	30
	6.....	31
	7.....	32
	8.....	33
	9.....	34
	10.....	35
	11.....	36
	12.....	37
	13.....	38
	14.....	39
	15.....	40
	16.....	41
	17.....	42
	18.....	43
	19.....	44
	20.....	45
	21.....	46
	22.....	47
	23.....	48
	24.....	49
	25.....	50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

**Final Score
(obtained from conversion chart)**

No. _____
Right _____

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

REGENTS IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY